АССАЛАМУ ГIАЛАЙКУМ!

# ЦОЛЪИ

№35 (10029)
РУЗМАН
26 август 2022 сон
28 МУХIАРРАМ 1444 СОН

Шамил районалъул газета
Газета бахъизе байбихьана 1931 соналъул маялда

Единство | Газета къватIибе уна моцIида жаниб 4 нухалъ | Багьа эркенаб


■ БАЙРАМАЛ, ТАДБИРАЛ

## Пачалихъалъулаб байрахъ борхана

**22 августалъ Россиялъул байрахъалъул къоялда хурхун, нилъер районалда байрамалъул тадбир тIобитIана гьаадерил сиязда аскIоб.**



Районалъул маданияталъул рукъалъул директор Х.ХирамухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь, Гьоориб росулъа сиязде къокъана Россиялъул байрахъал кодорги ккун чотIахъабазул къокъа. Сиязул байданлъиялда гьеб акциялде гъорлъ журана хIухьбахъиялде щварал туристал, районалъул культураялъулгун «Цолъи» газеталъул хIалтIухъаби ва гьенир гIумру гьабун ругелги. Украиналда спецоперациялда гIахьаллъи гьабулел ругел нилъер солдатазул рахъккун, гьаадерил сиязул байданалда кодор байрахъалгун чотIахъабаз «Z» ва лъелго ругез «V» хIарпаздалъун мухъ гIуцIана.

1991 соналдаса нахъе Россиялъул лъабкьерилаб байрахъ буго нилъер улкаялъул гъунки, щулалъи ва цолъи жанибе бачараб пачалихъалъулаб гIаламат. Россиялъул байрахъ герб ва гимн нилъер улкаялъул чIухIи ккола. Гьезда жаниб буго нилъер халкъалъул бахIарчияб тарих, къвакIи, ВатIан цIуниялъе кидагосеб хIадурлъи!

**НИЖЕР МУХБИР**


Хасаб пикру, аналитика

Кин тIамураб рии нилъер лъималаз?

ЦIиял харбал

Чемпионасулгун дандчIвай

3 гьум.






■ АНТИТЕРРОР

## Халкъалъул парахалъи цIуниялъе

**18 августалъ райадминистрациялда тIобитIана терроргун экстремизмалде данде къеркьеялъе гIуцIараб комиссиялъул иргадулаб данделъи. Гьеб нухда бачана районалъул бетIер, АТКялъул комиссиялъул председатель МухIамад ХIасановас.**



Данделъиялда гIахьаллъана районалъул бетIерасул заместитель ГI. Рамазанов, районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев К. Будунов, Хунзахъ районалъул ФСБялъул отделалъул вакил, районалъул имамасул кумекчи ХIабибула МухIамадов, ОМВДялъул участковыязул ва балугълъичIезул ишал тIуралезул отделалъул нухмалъулев М.ГьитIиномухIамадов, райгазеталъул редактор П. МухIамадова ва районалъул АТКялъул аппаратаалъул хIалтIухъаби.

Хасаб кIвар буссинабун букIана данделъиялда районалъул лъайкьеялъул идарабазда гIелму-лъаялъул къо - тIоцебесеб сентябралда тIоритIулел тадбиразда цIуна-къай гьабиялъе.

1 сентябралде цIалул идараби хIадурлъиялъул, гьенир хIинкъи гьечIолъи чIезабиялъул, хутIун ругел гъалатIазул ва гьел тIагIинаризе гьарулел ругел хIалтIабазул бицун кIалъазе вахъана лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Карим Будунов.

- Видеонаблюдение чIезабиялда хурхарал киналго гъалатIал 1 сентябралде лъугIизарун рукIине ккола, гьединго, хал гьабизе буго хIинкъи букIин лъазабулеб кнопка хIалтIулеб бугищали районалъул щибаб цIалул идараялда, -ян кIалъана районалъул бетIер МухIамад ХIасанов.

Лъайкьеялъул идарабазда хал гьабидал, цIунакъаялъул рахъалъ ратарал гъалатIазул ва цIияб цIалул сон байбихьиялде тIоритIулел тадбирал терроралдаса цIуниялъе гьарулел хIалтIабазул баянгун кIалъазе вахъана ОМВДялъул вакил М.ГьитIиномухIамадов. Гьес рехсана школазул хал гьабиялдалъун тIатарал гIунгутIаби. ГIисинал гъалатIал гIагараб заманалда тIуразе ругин, амма чанги халатбахъун цебеккунисеб хIадурлъи гьечIого тIуран бажарулареб суалалги рукIин бицана районалъул бетIерас.

Районалъул имамасул кумекчи ХI. МухIамадовас данделъиялда бицана рухIиял идарабазе террораалдаса цIуниялъул ва хIинкъи гьечIолъиялъул паспортал гьариялъул. Гьеб суал тIубаялъе Муфтияталъул, Миллиял ишазул министерствоялъул ва районалъул нухмалъулезул цадахъаб хIалтIи гIуцIичIого тIубазе рес гьечIеблъи бичIчIизабуна М.ХIасановас.

Халкъалъул паракъалъи цIуниялъе данделъиялда цере лъурал суалаздасан рекъонккарал тIадкъаял кьуна ва хIалтIул хIасилал гьаруна ахиралда.

**П. ЖАМАЛУДИНОВА**

■ ЦIИЯБ ЦIАЛУЛ СОНАЛДЕ ХIАДУРЛЪИ

**М. ХIасанов:**

## «ЦIалдохъабазе санагIалъаби гьари буго нилъер мурад»

**Бищун цIикIкIун районалъул нухмалъулез кIвар кьолеб бутIалъун буго лъай, ай цIалул идарабазда жакъасеб заманалъе рекъонккарал шартIал чIезари. Санайил школазда, садиказда ва спортивиял школазда гьарула ремонталъулал хIалтIаби. Амма гIемерисел цIалул идараби руго араб гIасруялъул 50-60 саназ рарал, гьелъ хIалтIаби гьенир гIемерал кколел руго. Дагь-дагь ккун, бищун гьитIинабгицин школа гьоркьоб течIого, цIилъун рачIинел руго районалъул цIалул идараби.**

Исана 33 цIалул идара къачIазе районалъул бюджеталдаса биччан буго 12,2 млн. гъ. Райбюджеталъул сурсатазде тIаде республикаялъул бюджеталдасаги 29,3млн. гъ. биччан, къачIана 7 школа.

ЦIакъ кIудияб кумек ккана капиталияб ремонталъул федералияб программаялде гьоркьобе нилъер анкьго школа ккей. Хасго гIисинал, дагьал цIалдохъаби гурони да депутатаз хIукму гьабуна райбюджеталдаса гьеб ункъабго школалъе отопление гьабизе 350 аз.гъ. щибалъе биччазе.

Гьебго программаялда гIахьаллъана лъабго гьоркьохъеб школаги. ХIотода школалда цIигьабун буго школалъул спортзал. 1 млн. 572 аз.гъ биччан букIана гьеб школалъе. Гьединго цIилъун бачIун буго исана школалъул нухмалъулев Ибрагьим ХIажиевас.

Амма киса-кибего гуро хIалтIи гьедин щвалде щун тIубан бугеб. Гьоориб гьоркьохъеб школалда хIалтIаби гьаризе рес щварав подрядчикас халатбахъинабун, гIужда лъугIизабуларого ремонтгун районалъул нухмалъулел, цоги бакIалдаса хIалтIухъабиги ралагьун, 1 сентябралде школа рагьизе тIалабалда руго. Араб рузман къоялъ Гьоориб школалда бугеб ахIвал-хIалалъ районалде щвана РДялъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул нухмалъулев Алексей ХIасановги. Районалъул бетIер МухIамад ХIасановгун ва лъайкьеялъул отделалъул



РДялъул бетIерасул ва хIукуматалъул администрациялъул нухмалъулевгун Гьоориб школалда



Хьонохъ байбихьул школа

гьечIел байбихьул школазе лъикIаб кверчIвай щвана исана. КъватIисан къадаздаса байбихьун, тIохал хисун, жанисан школалъул минаялъе капиталияб ремонт гьабун цIилъана Хьонохъ, ХIорода, ГеницIороб ва Лъезда байбихьул школал. Ремонт гьабун къачIарал школал хIухьладалъун хинлъизаризе суал борхидал, июлалъ тIобитIараб сессиялъул МачIада гьоркьохъеб школаги. 10 млн.361аз.гъ биччан, школалда хисун руго нуцIби, къватIисан къадазда тIад жо кьабун буго, полал, къадал мокърукь бакIал хинлъи кколедухъ щула гьарун цIигьарун руго, рачун руго цIияб токалъул варалги, гьабун буго отоплениеги. Киналго хIалтIабиги лъугIун цIияб цIалул соналде хIадурун ругин баян кьуна нухмалъулесул ишал тIуралев Карим Будуновгун гьел щвана Гьоориб школалде. Хал гьабуна гьарун ругел хIалтIабазухъ, жеги цере лъун ругел масъалабазухъ. Проекталда рекъон школалъул кIиябго корпусги спортзалги къачIазе кколаан. ЦIалул сон байбихьилалде кIиябго корпусалда хIалтIаби лъугIизаризе масъала буго гьанже цебе лъун.

(Ахир 2-леб гьум. )

■ АВТОРАСУЛ БОКIОН

Давуд ДАВУДОВ

# Россиялъул байрахъалъул къо

Щибаб улкаялъул жибго жиндаго чIеялъул хаслъаби рихьизарула лъабго пачалихъалъулаб гIаламаталъ: байрахъ, герб ва гимн. Пачалихълъиялъул гIаламататаз бихьизабула улкаялъул тарих ва метерисеб къо. Гьезда гьоркьоб пачалихъалъулаб байрахъ буго дунялалда тIад улка батIа-бахъиялъе бихьизабураб бищун тIибитIараб гIаламат. Пачалихъалъулаб байрахъ кколахалкъалъул цолъи бихьизабиялъул шартI. Герб ва гимналда дандеккун гьеб гIатIидго хIалтIизабула. Пачалихълъиялъул гIаламатал хIалтIизариялъе къабул гьарун руго хасал къануналги.

Россиялъул гIаламат, лъабкьерилаб байрахъ кидаго гуро нилъер улкаялъул букIараб. Гьеб хIалтIизаби тасдикъ гьабуна 2000-абилеб соналъул 25-абилеб декабралда Федералияб Конституциялъул Къануналъ («О Государственном флаге Российской Федерации от 25 декабря 2000 года №I-ФКЗ). Нилъер байрахъазул кьеразул руго хасал магIнаби. Дунялалъул геральдикалда бихьизабун буго хъахIаб кьер лъикIлъиялъул ва ракI рагьиялъул кколин, хъахIилаб-ритIухълъи, ракIбацIцIалъи, чIванкъотIи бугин, багIараб-бихьинчилъи, къвакIи, рекIел кIудияб гIатIилъи, рокьи кколин.

Улкаялъул тарихиял лъугьа-бахъиназда бан, политикаялъул гIуцIиялда рекъон, Россиялъул байрахъалъул суратги хис-хисизабулеб букIана. Жакъасеб хъахIаб, хъахIилаб, багIараб лъабкьералъул байрахъ, тарихчагIазул баянazда рекъон, тIоцебе хIалтIизабизе байбихьана Петр I императорлъун вугеб заманалда. Гьесул 1705-абилеб соналъ бахъараб буюрухъалда рекъон, дармиде хьвадулел ралъдал гумузда букIине кколеб букIана лъабкьерилаб байрахъ. Гьелдаса араб 300ялдаса цIикIкIун соназда Россиялъул байрахъалъул суратги хисизабулеб букIана. Гьанжесеб Россиялъул лъабкьер тIадбуссун борхана ХъахIаб рукъалда тIад 1991абилеб соналъул 22 августалда. Гьелда хурхун, щибаб соналъ, 22 август кIодо гьабула Россиялъул Байрахъалъул къолъун. ГIодобкъоялъул байрам гьеб кколеб гьечIониги, тIолго улкаялда гьеб гIатIидго кIодо гьабула.

Россиялъул пачалихъалъулаб байрахъ кидаго борхун букIуна РФялъул Президентасул Администрациялъул, Совет Федерациялъул, Пачалихъалъул Думаялъул, правительствоялъул, Конституциялъулаб Судалъул, Верховный Судалъул, Генералияб прокуратураялъул, Следственный комитеталъул, Централияб банкалъул, Счетный палатаялъул, инсанасул ихтиярал цIуниялъул Уполномоченныясул резиденциялъул, Централияб рищиязул комиссиялъул минабазда. Гьединго, улкаялъул байрахъал рала киналго пачалихъалъул идарабазул минабазда. Пачалихъалъулаб байрахъ щибаб къоялъ борхула аскариязул частазда, батIи-батIиял официалиял ва хIурматиял тадбиразда. Улкаялъул пашманлъиялъул къоязда байрахъал гIодоре риччала ва гьезда чIегIераб чIоло бала. Гьелдаго цадахъ пачалихъалъулаб байрахъалъул сурат лъола батIи-батIиял шапакъатаздаги.

Россиялъул экономикияб цебетIей, пачалихъалъул политикаялъул цIубай рокьукъго къабул гьабулеб буго бакътIерхьул улкабазул нухмалъулез. Гьелъул хIасиллъун ккана нилъер улкаялъул спортсменал батIи-батIиял халкъазда гьоркьосел къецазда гIахьаллъиялдаса махIрум гьари. Жидецаго ургъарал багьанаби рачун, гIемерисел спортсменазе нухал къана Олимпиялъул хIаязде. ГIахьалчагIазе гьукъана пачалихъалъулаб байрахъалда гьоркь цере рахъине. Спортги политикаги цогояб жо гурин абуниги, спорталъул федерациязул «политикиял хIаязда» бажаричIо улкаялъул халкъалъул гъунки щущазабизе. Гьелъул гIаксалда, Россиялъул гражданазулъ ВатIаналде рокьи цIикIкIана. Дунялалдаго церетIуралльун рикIкIунел пачалихъазул санкциязщула гьабуна пачалихълъиялъул аслу, халкъалъул яшав лъикIлъизабиялъе цере лъурал масъалаби, сундухъго балагьичIого, гIумруялде рахъинарулел руго.

Россиялъул Президент Владимир Путиница гьабураб байрамалъул кIалъаялда абуна: «Пачалихъалъулаб байрахъалъ нугIлъи гьабула гIасрабаз цIунарал гIадатазе ва бахIарчияб тарих цIуниялъе мутIигIлъи, ритIухълъи цIуниялъе хIадурлъи. Россиялъул халкъалъ дуниялалъулго халкъал зулмуялдаса цIунулел руго. Россиялъул байрахъ борхарабщинаб бакIалда буго ракълилаб гIумру. Россиялъул байрахъ ва КIудияб БергьенлъиялЪул байрахъ руго гIун бачIунеб гIелалъе битIараб тарбия щвеялъе мисаллъун. Исана соналъул 1 сентябралдаса нахъе щибаб школалда цIалул анкь байбихьизе буго пачалихъалъулаб байрахъ борхиялдаса ва гимн ахIиялдаса. Дун божарав вуго Россиялъул пачалихъалъулаб байрахъ абадиялъго рекIее бищун хирияб, ВатIаналдаса чIухIиялъул гIаламатлъун хутIиялда. Баркула киназдаго Россиялъул Байрахъалъул къо!»-ян.

■ ЦIИЯБ ЦIАЛУЛ СОНАЛДЕ ХIАДУРЛЪИ

М. ХIасанов:

# «ЦIалдохъабазе санагIалъаби гьари буго нилъер мурад»

(Байбихьи 1-себ гьум.)

Ахирисел саназ кIвар кьолеб буго школалда лъимал кваназаризе лъикIал шартIал чIезариялдеги. Гьедин, исана лъабго школалъе цIияб пищеблок базе ва жаниб къайи-цIа босизе биччан буго гIарац райбюджеталдаса. ГIурада ва Гьолокь гьоркьохъел школабазда лъугIун руго киналго хIалтIаби, цIиял пищеблоказда лъимал кваназаризе байбихьизе буго сентябралда. ГIурада гьабун буго цIакъ санагIалъи бугеб медицинаялъул кабинетги. Гьандихъ пищеблокалъе къадал ралел ругин баян щвана. Жеги гIемераб хIалтIи буго гьезул гьабизе, амма лъагIалил ахиралде лъимал цIияб пищеблокалда рукIине ругин бицана школалъул директор М.Гъазалиевас.


Гьоориб школа


ГIурада школалъул пищеблок

ТIидиб мокърукь бакIал цIи гьаризе биччан букIана 300 аз.гъ.. 2-леб этажалда анкьго кабинет къачIанин баян щвана гьезул нухмалъулезул. Гьединго, школалда гьабун буго ремонт, лъун руго цIиял нуцIби, инвалидазе хасал пандусал.

Анкьго школалда хIухьладалъун хинлъизабулеб система цIи гьабизе, ва котельнябазе хIажатаб босизе биччан буго 525аз.гъ.

Гьединго, кидагосеб тIалабалда буго цIалул идарабазда хIинкъи гьечIолъи цIуни. Гьелъул мурадалда 13 школалда бихьизабун буго заборал ран, сверун къазе. ГIемерисел бакIазда гьеб хIалтIи рагIалде бахъунеб бугин баян щвана. ГIамм гьабун гьеб хIалтIиялъе школабазе биччан буго 646,5аз.гъ.

Ункъго школалда исана рагьулеб буго «Точка роста»-ялъул кабинетал- ХIотода, ГIасаб, Ракьуб, Бакълъухъ. Кабинетал къачIан хIадурун руго, амма жаниб лъолеб къайи жеги бачIун гьечIо.

ГIагараб заманалда гьебги щвезе кколин бицана лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулесул ишал тIуралев Карим Будуновас.

100аз.гъ бихьизабун букIана ХIебда спортивияб школа къачIаялъеги. Гьелъул нухмалъулес бицана лъималазе ретIел хисизе бакI, кIиабилеб этажалда кабинетал къачIанин ва краскаби рахун хIадур бугин спортзал цIалул соналде.

3 садикалъеги кIвар бугел хIалтIаби гьаризе кумек щвана райбюджеталдаса. Гьолокь садикалъул цояб корпусалда ремонт гьабун буго. ТIидиб садикалда хинлъи кколедухъ гьарун руго мокърукь бакIал ва чIабар, хисун руго токалъул кварал. ТIелекь садикалъе биччан буго гIарац лъимал хIалеб бакI сверун къазе. Гьенир хIалтIаби инел руго, гIагараб заманалда рагIалде рахъунин бицана садикалъул нухмалъулелъ.

П. МУХIАМАДОВА

■ ГУРХIЕЛ-РАХIМУ

# ЦIалул къайи къуна лъималазе

**Школалде лъимал хIадуриялъул санайилаб акция тIобитIана 25 августалъ райцентралда. ТIоцебесеб сентябралде лъимал хIадури лъагIалидаса лъагIалиде захIматаб иш кколеб буго хъизаназе, хасго 3-4 цIалдохъан рокъор ругезе. Гьеби хIисабалде босун «Инсан» фондалъ ирградулаб нухалъ гIуцIана «Лъимер школалде регIизе» абураб сахавалъиялъул акция.**

базе бокьун бугин рачIаралги ккана. Гьедин, къелдерил мадрасалъул тукадаса лъималазе чIобого хIажатаб къайи босизе рачIине рес кьуна гьелъул нухмалъулез.



Байрамияб ахIвал-хIалалда ХIебда маданияталъул кIалгIаялда тIобитIана гьеб акция. Гьенир гIахьаллъана районалъул имам МухIамад ГIарипов, лъайкьеялъул отделалъул методист ПатIимат Хизроева, «Инсан» фондалъул вакил Шамил ЗайнулгIабидов, КЦСОНалъул лъималазе ва хъизаназе социалияб хъулухъ гьабиялъул отделалъул заведующий Мадина ГIабдулкъадирова, мадрасалъул мугIалимзаби, мутагIилзаби ва цогидал. Тадбир нухда бачана «Цолъи»-ялъул бетIерай редактор ПатIимат МухIамадовалъ.

ЛъикIал, пайдаял кIалъаял гурелги, лъималазе гьабуна гьитIинабго викторинаги, мадрасалъул ясаз рекIехъе цIалана КъуръаналЪул аятал.

Тадбиралъул ахиралда 30 гIанисеб лъимадуй школалъул ретIел кьуна «Инсан» фондалъул рахъалдаса, гьуинлъаби ва школалъе хIажатаб къайи-цIа кьуна КЦСОНалъ. ЦIакъ берцинаб, рохалилаб ахIвал-хIалалда ана гьеб тадбир.

ЛъикIал гIадамал гIемер ругелъул нилъер районалда, акция тIобитIулеб букIин лъайдал, жидерго рахъалдаса гьитIинабго кумек тIаде журиидалил заманалъ ХIебда мадрасалда васазе ва ясазе дарсал лъолел рукIарал гIолохъанал мугIалимзабазе кьуна предприниматель МухIамад Аминовасул рахъалдаса «SMART» тукадаса хIажатаб къайи босизе азарго гъурщиде багьаял сертификатал. Лъималазул улбузе «Инсан» фондалъ кьуна продуктазул пакеталги.

Тадбиралде рачIине рес ккечIел, амма фондалъул кумек хIажатазе гьеб акция жеги щвезабизе бугин бицана Ш.ЗайнулгIабидовас.

ТI. МУХIАМАДОВ

■ ХАСАБ ПИКРУ, АНАЛИТИКА

# Кин тIамураб рии нилъер лъималаз?

## Лагеразда лъимал



БагIарараб исанасеб рии сахлъи цIуниялъул ва берцинаб тIабигIаталъул къимат гьабизе лъалел районцоязул лъималаз цIакъ лъикI тIамунин абизе бегьила. ЛъикIал шартIазда, гьединго, ана гьитIинал гьалбазулги-хIухьбахъиялъул лъималазул лагеразде щварал тIолго Дагъистаналдаса лъималазул.

Районалда бугеб лъималазул сахлъи цIуниялъул ва хIухьбахъиялъул Къваниб «Радость», МачIада Расул ХIамзатовасул цIаралда бугеб ва КъахIиб «ГIалило» лагеразде лъабабго сменаялъ щвана гIаммгьабун 2750 лъимер. Гьезда гьоркьоса 547 лъимер гурого букIинчIо Шамил районалдаса. Лъай кьеялъул отделалъул баяназда рекъон, тIоцебесеб сменаялъ лагеразде щвана 920 лъимер, гьезда гьорлъ нилъер районалдаса -184 лъимер, кIиабилеб сменаялъги 920 лъимер, гьезда гьорлъ нилъер районалдаса -84 лъимер, ахирисеб сменаялъ рукIана 910 лъимер-нилъер районалдаса -279 лъимер.

ХIукуматалдаса путевкабиги ралагьун, чIорого ине рес бугел лагеразде щаяли цIакъ дагьал лъимал гурого районалдаса къватIире рахъинчIо, амма лъугIи гьечIого тIаде рачIунел рукIана шагьараздасаги, батIи-батIиял районаздасаги лъимал. Ясални эбел-инсуе цадахъ жалго гьечIого доре-гьанире ритIизе бокьуларо, цо-цо васалги риилъго ХIебда рагьун рукIарал мадрасалъул курсазде хьвадизелъун тун рукIана, амма гIемерал васал рукIана райцентралъул ва росабазул къватIалги мерхьун, щибго хIалтIи гьечIого тIубараб рииялъ. Щай гьедигIанго мунпагIат гьечIого, ай жидеего заралияб хIалалъ тIамулел халатал риидалил каникулал?! КIалдиса бахъичIого тукабаздаса «химияги» кванан, хъубаб гурони кIалдиса рагIиги бицинчIого, цоцазда тенкелел, кьабгIелел паркалда ва къватIазда щай толел васал? Бокьараб мехалъ кьижун, бокьараб мехалъ рахъун, эбел-инсуца барахщичIого кьолеб бугеб гIарцуде гIорцIизегIан тукадаса нигIматалги кванан, рокъор бокьиларищха лъималазе. Заралияб гуреб жо жиндир составалда гьорлъ гьечIел чипсалги, гьелда релълъараб цойгиябги, лагеразде ритIарал лъималазда хадубги бачIунеб буго умумуз баччун. Загьрулъун нилъее бугеб, хасго лъимадул гIолеб черхалъеги зарал кIудиял гьел «лъикIал» нигIматал бегьуларищ цо сахлъи цIуниялъул лагеразда ругел анкьазгIайги гьоркьоса къотIизаризе. Лъимер буго нилъеца куцахъе букIунеб, жеги гIакълуги гьечIеб, нилъер жавабчилъиялда гьоркьги бугеб. Гьезие бокьарабин гьабичIого, гьезие лъикIабин гьабуни, хIасил лъикIаб букIина нилъее.

Лъималазе школалъул заманалъ гуребги, кидаго лъикIаб буго режим- цо ккураб мехалъ рега-рахъине, кванազе, сахаб гIумруялде, ай спорталде руссине, эркенаб заманалъ рекIелгъеялъе хIаялги. Гьеб кинабго щвалде щун чIезабурал сахлъи цIуниялъул ва хIухьбахъиялъул лагеразде ритIарал лъималазул рии пайдаялда ва рекIелгъеялда ана. Черх сахлъизабиялде гуребги, рухIияб рахъалъ лъимал куцаялдеги кIудияб кIвар нилъер районалъул лагеразда букIин хIисабалде босани, лагерал лъималазе унго-унгоял бакIал руго. Бугеб давлаталъул къимат нилъедаго лъани…

## Мадрасазда риидалил курсал



ТIолго Дагъистаналдаго гIадин, нилъер районалъул киналго росабалъги исанаги рагьана васазе ва ясазе мадрасалъул риидалил курсал. ГьатIанкъо хутIизегIан, щибаб къоялъ къалъизегIан лъимал мадрасалде рачунаан. Августалъул ахиралда каникулаз малъарабщиналъе хIасиллъун букIине райцентралда ва киналго районалъул росабалъ лъималазда гьоркьоб тIобитIана конкурс. Лъималазул саназулги, цIалун щвараб бакIалъулги хIисаб гьабун, гьел рикьун рукIана лъабго группаялде, лъабазего батIа-батIаго кьуна зачетал ва гьабуна конкурс. Къецазда бергьенлъи ва призалъулал бакIал росаразе кьуна грамотаби.

Школалъул заманалъги гьоркьоса къотIичIого мадрасаби хIалтIулел руго-ниги, эркенаб каникулалъул заманалъ цIикIкIун заманги кIварги буссинабизе щун, кIудияб мунпагIатгун ана каникулал гьитIинал мутагIилзабазул. Исана цIакъго кIвар кьун, лъикIал ресал чIезарун рукIана лъималазе ДРялъул Муфтияталъ. Исламалъул аслу лъазабиялъе, Къуръан мухIканго махражалда цIалиялъе, как бай ва каки чури мухIкан гьабиялъе риччан руго хасал тIахьал ва данде ккарал тетрадал. Гьезда рекъон рукIана лъун мадрасазда дарсалги. ГIун бачIунеб гIелалда тIадчIун гIелму малъизе, Аллагьасда цебе ва гIадамазе мунпагIат цIикIкIараб хIалтIи гьабизе сахлъиги къуватги кьеги Аллагьас мугIалимзабазе.



■ ЦIИЯЛ ХАРБАЛ

# Чемпионасулгун дандчIвай




**Рагъулаб самбоялъул мастер спорта, ММАялъул халкъазда гьоркьосеб классалъул мастер спорта, WFCАялъул бакIаб гьоркьохъеб цIайиялда чемпион, ММАялъул дунялалъул чемпион, UFSялъул рагъухъан МухIамад Анкалаев кIодо гьавураб рохалилаб тадбир тIобитIана 21 августалъ ТIелекь росулъ.**

Тадбиралда гIахьаллъи гьабизе росулъе щвана тIолго Дагъистаналдаса росуцоял ва хIурматиял гьалбал.

Машгьурав спортсмен кIодо гьавураб тадбиралда гIолилазда гьоркьор спортивиял къецал тIоритIана, чIел босаразе кьуна грамотаби, медалал ва гIарцулал сайигъатал.

Гьадинал тадбирал гIун бачIунеб гIелалъе спорталде гьира базабулеллъун ва сахаб гIумруялде руссинарулеллъун рукIуна.

ЖамагIат цолъизабиялъе, шагьаралда гIуралгун гьоркьоб бухьен тIезе биччалареблъун, гьудуллъи цIунулеблъун, цоцазе хIалае ратулеллъун росуцоял рукIиналъе квербакъараб ва балагьаразе цIакъ гьира бараблъун ккана къадрурав росуцоясул хIурматалда тIекьадерица гьабураб данделъи.

Тадбир гIуцIараллъун рукIана ТIелекь росдал администрация ва жамгIияб гIуцIи «ТIелекь гIолилазул цолъи».

**Гьумер хIадур гьабуна П.ЖАМАЛУДИНОВАЛЪ.**

■ РОСАБАЗУЛ ГIУМРУ

# НакIкIикь - росдал къо

ГьитIинабго росу ккола нилъер районалъул ТIидиб администрациялда гъорлъе унеб НакIкIикь росу. ГIемерисел гочана гьениса гIодоблъиялде. Амма гьенир ругезда жидерго ВатIан кIочонаро. Дагьал къояз цебе гьениб тIобитIана росдал къо. Росу гьитIинаб бугониги, гьезул гIузраби дагьал рукIунаро. Гьеб къо тIобитIиялъул тадбир тIаде босана районалда ОНОялъул заместительлъун хIалтIулев Ильяс ХIусеновас. Росулъе рачIун рукIана къватIир гIумру гьабун ругел гIемерал росуцоялги.

ТIоцебесеб къоялъ тIобитIараб мажлисалде ахIун рукIана гьидерил росабалъа имамзабиги. Гьез гIемераб вагIза-насихIат гьабуна, хасго гIун бачIунеб гIел мекъаб экстремизмаялъул терроризмаялъул нухде ккечIого рукIине. ГIатIидго бицана вагьабизмаялъул ва гьеб нухдаса цIуниялъул, хасго шагьаралда ругел гIолилал. Мавлидги ахIун, бечедаб тепсиялдаса хадуб тIобитIана росуцояв, гIелмабазул кандидат, жамгIияв хIаракатчи, ДРялъул мустахIикъав экономист Ибрагьимов МухIамадил хIурматалда спорталъул къецал. РакIалде щвезаруна Украинаялда хасаб операция тIобитIулел ругел гIолохъабиги. Абизе ккола, росдал гIолохъабаз жидерго харжалдалъун кIудияб бутIа лъуна росдал нухал къачIазе, гьез тIубанго маххудалъун хисана росдал мажгиталъул тIохги. КIоченчIо росдал харабазухъе раккизеги.

Гира борхиялъул, турникалда цIаялъул, кIанцIиялъул ва цогидалги спортивиял къецазда бергьарал кIодо гьаруна гIарцулал сайгъатаздалъун.

**С. ГЬИТIИНАМУХIАМАДОВ**





■ ОМВД ИНФОРМИРУЕТ

## Операция «Оружие-выкуп»!

С 1 февраля по 31 декабря 2022 года на территории Республики Дагестан проводится операция «Оружие-выкуп», по возмездному выкупу у населения незаконно хранящегося огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ.

При приеме оружия, гражданам, добровольно сдавшим в ОМВД на возмездной основе незаконно хранящееся огнестрельное оружие, боеприпасы и взрывчатые материалы, выдаются следующие документы:

1. Копию заявления о добровольной сдаче оружия;
2. Квитанцию, предусмотренную приказом МВД России от 17 декабря 2012 года №1107.
3. Копию постановлений об отказе в возбуждении уголовного дела.

После получения указанных документов гражданин, добровольно сдавший оружие, боеприпасы, взрывчатые вещества или взрывные устройства, обращается в Министерство юстиции Республики Дагестан (далее - Минюст РД) с заявлением, оформленным по форме, с приложением копий следующих документов:

1. копии паспорта;
2. копии страхового свидетельства государственного пенсионного стра¬хования (при наличии);
3. копии свидетельства о постановке на учет в налоговом органе физиче¬ского лица по месту жительства на территории Российской Федерации (при наличии);
4. копии заявлений о добровольной сдаче оружия, боеприпасов, взрыв¬чатых веществ или взрывных устройств в ОМВД;
5.квитанции на принятое в органе внутренних дел Республики Дагестан оружие, боеприпасы, взрывные устройства, взрывчатые вещества;
6. постановление об отказе в возбуждении уголовного дела.

Заявление и прилагаемые к нему документы могут быть представлены в

Минюст РД лично гражданином, по адресу г. Махачкала, ул. Гагарина, тупик №6, либо направлены по почте.

Выплата денежных средств осуществляется Минюстом РД в размере, установленном в таблице (таблица ниже) гражданам, добровольно сдавшим незаконно хранившееся у них оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства, достигшим 18 лет, местом постоянной регистрации которых является Республика Дагестан.

Денежное вознаграждение не выплачивается за сданное оружие, боеприпасы, патроны, взрывчатые вещества или взрывные устройства в неисправном состоянии, либо непригодном для использования по основному на¬значению.

**Стоимость огнестрельного оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ для предполагаемого выкупа у граждан**

| № п/п | Наименование оружия, боеприпасов и взрывчатых веществ | Цена в руб. |
|---|---|---|
| 1. | Пистолет (в том числе АПС), револьвер | 55000 |
| 2. | Автомат | 80000 |
| 3. | Пулемет Калашникова и его модификации | 85000 |
| 4. | Ручной пулемет | 75000 |
| 5. | Пистолет-пулемет | 50000 |
| 6. | Автоматический гранатомет станковый | 25000 |
| 7. | Подствольный гранатомет | 20000 |
| 8. | Ручной противотанковый гранатомет | 20000 |
| 9. | Одноразовый гранатомет | 15000 |
| 10. | Малогабаритный реактивный огнемет | 25000 |
| 11. | Снайперская винтовка | 60000 |
| 12. | Охотничий карабин, винтовка с нарезным стволом | 15000 |
| 13. | Охотничье гладкоствольное ружье | 3000 |
| 14. | Газовые пистолеты и револьверы | 2000 |
| 15. | Пистолеты, пистолеты-пулеметы и револьверы кустарного производства | 10000 |
| 16. | Самодельное стреляющее устройство, ружье кустарного производства | 1000 |
| 17. | Травматические пистолеты и револьверы | 3000 |
| 18. | Газовые, травматические пистолеты и револьверы, переделанные для стрельбы боевыми патронами | 20000 |
| 19. | Взрывчатое вещество (тратил, пластид, аммонит, аммонал и др. промышленного изготовления) за 1 грамм | 8 |
| 20. | Взрывное устройство (устройство, включающее в себя ВВ и СВ) | 3000 |
| 21. | Средство взрывания (электродетонатор, капсюль-детонатор, взрыватель за 1 шт., огнепроводные и электропроводные шнуры за 1 метр) за единицу | 300 |
| 22. | Штатный боеприпас (выстрелы к артиллерийскому вооружению) | 3000 |
| 23. | Выстрел к РПГ | 3000 |
| 24. | Выстрел к подствольным и станковым гранатометам | 2000 |
| 25. | Ручная граната | 2500 |
| 26. | Мина | 2000 |
| 27. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию до 12,7 калибра | 15 |
| 28. | Патроны и боеприпасы к боевому стрелковому оружию 12,7 калибра и более | 150 |
| 29. | Запалы к гранатам | 1000 |

По возникающим вопросам обращаться по тел. д/ч ОМВД России по Шамильскому району – 8-999-418-90-70.

Телефон доверия – 8-872-592-23-25.

**ОМВД России по Шамильскому району**

■ ОБЪЯВЛЕНИЯ

Утерянный аттестат под номером 05 БД 0131470, выданный Гамзатову Закаригаджи Магомедовичу, 01.09.1997 г. рождения об окончании в 2013 году МКОУ «Телетлинская СОШ № 2», считать недействительным.


**ЦОЛЪИ**

БЕТIЕРАЙ РЕДАКТОР

П.Ш. МухIамадова
тел: 2-22-09
код: 887259

ЖАВАБИЯВ СЕКРЕТАРЬ
П.Гь. Жамалудинова

КОРРЕСПОНДЕНТАЛ

Д.Давудов
ТI. МухIамадов

РЕДКОЛЛЕГИЯ:
П. ГьитIинова,
М. Гъазалиев,
Ш. Абакаров,
М. ГъазимухIамадов.

НАБОР
М. ГьитIиномухIамадовалъул

ДИЗАЙН - ВЕРСТКА
Марьям ГIисаевалъул

Газета гIуцIарал:
Муниципалияб гIуцIи
«Шамильский районалъул»
администрация

Учредители: Администрация
муниципального образования
«Шамильский район»

БатIи-батIиял соназда газета
къватIибе бачIунеб букIана
“Щияб канлъи” ва
“БагIараб цIва”
абурал цIаразда гъоркь.

Газета хIадур гьабуна
редакциялъул
компьютералъул цехалда

Газета кьабуна ДРялъул
миллияб политикаялъул,
информациялъул ва
къватIисел бухьеназул
министерствоялъул
“ГУП РГЖТ”
типографиялда;
Петр-I къватI, 61
Тираж - 1000
Индекс 51368

Газета зарегистрирована
Федеральной службой
по надзору в сфере
связи, информационных
технологий и массовых
коммуникаций (Управление
Роскомнадзора по РД)
Регистр. номер
ПИ №ТУ05-00440

Графикалда рекъон печаталде
кьураб заман 16.00
ХIакъикъаталда печаталде
кьураб заман 16.00

Редакциялъул пикру кидаго
гуро газеталда рахъарал
макъалабазул авторазул
пикругун данде- кколеб.
Макъалабазда рихьизарурал
хIужабазул, цIаразул,
тарихазул ва цогидал-
ги баяназул жаваб кьола
гьезул автораз. Гьединал
материалал газеталда
рахъула,
гьезие общественносталъ
къимат кьезелъун.
Нижер электронияб
почтаялъул адрес:
gazeta.yedinstvo@mail.ru

Издателасул ва редакциялъул
адрес:
РОССИЯ, Республика
Дагестан, Шамил район,
ХIебда росу
Имам Шамилил къватI 50